# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–29 जनवरी 2025 भोजपुरी समाचार

प्रयागराज महाकुंभ में मौनी अमौसा के मौका पर आजु सरधालुअन के आस्था क डुबकी लगवले क सिलसिला जारी हौ। हमरे संवाददाता बतवलें कि दुपहरिया क दुइ बजे ले पांच करोड़ से बेसी सरधालु महाकुंभ में नहा चुकल रहलें। सरधालुअन क भारी भीड़ि के देखत अखाड़ा परिषद अमृत नहान के भिन्नही स्थगित कई दिहलसि। हालांकि दुपहरिया के बाद जब सरधालुअन क भीड़ि कुछु कम भइल त ऐके फेरि से सुरू कई दिहल गइल। बारी–बारी से सज्जों अखाड़ा अउर साधु संत लोगि अमृत नहान कइलें।

महाकुंभ क सुरूआत तेरह जनौरी के भइल रहे। एकर पहिला अमृत नहान चउदह जनौरी के मकर संक्राति के दिन्ने भइल। आजु दुपहरयि ले पचीस करोड़ि सरधालु महाकुंभ आ चुकल रहलें।

सरधुलन आ परयटकन क सुरक्षा बदे अर्ध सैनिक बलन के सथहीं पचास हजारि से बेसी पुलिसकरमी तैनात हवे। संगम में पानी के निच्चे के गतिविधियन पर नजर रखे बदे पहिली बेरि अंडरवाटर ड्रोनों तैनात कइल गइल हवे।

येह बिच्चे प्रदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ प्रदेस वासियन, सरधालुअन अउर साधु संत लोगिन से कउनो तरह क अफवाह पर ध्यान न दिहले क अपीलि कइले हवे।

***मेरी अपील है पूरे प्रदेश वासियों से पूरे देशवासियों से और सभी श्रद्धालुओं से भी सभी पूज्य संतों से भी की अफवाह पर कोई ध्यान न दें। संयम से काम ले ये यह सब आयोजन सभी लोगों का है प्रशासन उनकी सेवा के लिए पूरी तत्परता से लगा हुआ है। केन्द्र और राज्य सरकार पूरी मजबूती के साथ वहां पर हर प्रकार का सहयोग करने के लिए तत्पर है लेकिन कोई किसी अफवाह पर ध्यान न दें।***

महाकुंभ से लवटे वाले सरधालुअन क भीड़ि के देखत सज्जों जिलन क परसासन के सतर्क कइल गइल हौ, जवने से ओन्हे कवनो तरह क असुविधा न हो। सरधालुअन के सुविधा बदे रेलवे के ओरि से आजु एक सौ नब्बे महाकुंभ स्पेसल ट्रेन चलावल जा रहल हइनि। राज्य परिवहन निगमो ढेरि संख्या में बस चला रहल हौ।

**********

महाकुंभ में भइल घटना पर राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू, प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी अउर गृहमंत्री अमित शाह दुख जतवले हवें। सोसल मीडिया पर राष्ट्रपति जान गंवावे वाले सरधालुअन क परिजनन के प्रति संवदेना जतवले हइनि।

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी एगो सोसल मीडिया सनेसा में कहलें कि येह हादसा में जवन सरधालु अपने परिजनन के खोवले हवें, उनके प्रति उनकर गहरा संवेदना हौ। आजु एगो जनसभा के दौरान सोक जतावति प्रधानमंत्री कहलें कि–

***मैं महाकुंभ में जो दुखद हादसा हुआ है उस हादसे में हमें कुछ पुण्य आत्माओं को खोना पड़ा है, कई लोगों को चोटें भी आई हैं। मैं प्रभावित परिवारों के प्रति संवेदना व्यक्त करता हूं और घायलों के जल्द स्वस्थ होने की कामना करता हूं।***

प्रधानमंत्री कहलें कि स्थानीय परसासन पीड़ितन के हर संभव मददि दिहले में जुटल हवे।

**********

रेलवे सोसल मीडिया पर चलि रहल ओह अफवाहन क खंडन कइले हवे जवने में कहल जा रहल हौ कि महाकुंभ बदे कुछु बिसेस ट्रेनन के रद्द कइ दिहल गइल हौ। आकाशवाणी समाचार से बतियावत रेलवे बोर्ड के सूचना अउर परसार क कार्यकारी निदेसक दिलीप कुमार येह खबरन के पूरा तरह से निराधार अउर भ्रामक बतउलें।

**इस महाकुंभ के दौरान भारतीय रेल द्वारा 13 हजार चार सौ से अधिक गाडियों का परिचालन किया जा रहा है। कुछ सोशल मीडिया साइट्स पर ऐसी बातें सामने आई है कि रेलवे ने गाड़ियों को कैंसिल किया है, इस बात में सच्चाई नहीं है। भारतीय रेलवे ने जिन गाड़ियों को चलाने की घोषणा की है उन सारी गाड़ियों का परिचालन किया जा रहा है। जिसमें विशेष गाडियां भी शामिल हैं।**

**********

मौनी अमौसा के मौका पर आजु बनारस, अजोध्या, मिर्जापुर, कुशीनगर अउर गोरखपुर के सथहीं कई जिलन में ढेरि सख्या में सरधालु पवित्र नदियन में नहइलें। काल्हि आधी राते के बादे से सरधालुअन क पवित्र नदियन के किनारे पहुंचले क सिलसिल सुरू हो गइल जवन आजु दिन्न भर चलत रहल। नहइले के बादि सरधालु कई गो मंदिरन में दरसन पूजन कइ रहल हवें। मौनी अमौसी के देखत सज्जो तीरथ स्थलन अउर नदियन के किनारे स्थानीय परसासन के ओरि से सुरक्षा क कड़ेर इतजाम कइल गइल हौ।

**********

वक्फ संसोधन विधेयक दुइ हजार चौबीस पर संसद क संयुक्त समिति आजु मसौदा रिपोर्ट के मंजूर कइ लिहले हवे। नई दिल्ली में संवाददाता लोगिन से बतियावत एकतीस सदसीय पैनल क अध्यक्ष जगदंम्बिका पाल कहले हवें कि समिति विधेयक से जुड़ल चउदह खण्ड पर संसोधन के मंजूर कइले हवे। दिल्ली समाचार

**********

मौसम विज्ञान विभाग बिहने पूरबी उत्तर प्रदेस के तरई वाले इलाकन में भिनही अउर राति के समय घना कुहेसा क संभावना जतवले हवे। विभाग के मोताबिक एक्इस जनौरी अउर एक फरौरी के येह इलाकन में हल्लुकाहे कुहेसा क संभावना हौ।

**********